



Pou Piblikasyon Imedya: 23/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 178.8 MILYON DOLA NAN FINANSMAN POU  
SIPÒTE AMELYORASYON NAN TRANSPÒ NAN 75 KOMINOTE ATRAVÈ NEW  
YORK YO**

*Sipòte konstriksyon nouvo twotwa aksesib ak chemen pou itilize ki pataje yo, amelyore sekirite pou pyeton ak bisiklèt, epi fasilite aksè nan sistèm transpò pou itilizatè tout laj ak tout kapasite.*

*Pwojè pou fè avanse objektif klimatik nasyonal Eta New York yo*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 178.8 milyon dola yo te akòde bay 75 kominote atravè Eta New York pou pwojè ki ankouraje mwayen depasman ki adapte pou anviwònman an epi ki rann li pi fasil ak pi an sekirite pou mache, monte bisiklèt oswa fè randone. Finansman an pral amelyore aksè nan sistèm transpò a pou tout itilizatè yo epi fè avanse pwogram nasyonal Eta New York la pou konbat chanjman klimatik nan sipòte konstriksyon nouvo twotwa, chemen pou itilizasyon pataje ak lòt amelyorasyon ki fasilite itilizasyon mwayen depasman ki pa motorize epi redui emisyon gaz a efè de sè. Plis pase de tyè nan pwojè yo akòde yo pral benefisye Kominote Jistis Anviwònmantal la, kidonk I ap ede amelyore koneksyon, bon jan kalite lè a ak aksè pou bisiklèt ak pyeton pou fanmi prensipalman ki gen revni ki ba ak modere k ap viv nan zòn sa yo.

"Jan sa montre nan Bidjè Eta a ki fèk adopte ak plan kapital istorik nou an, New York ap kontinye fè envèstisman san parèy pou nou kapab rekonstwi pi djanm ke sa te janm ye anvan", **Gouvènè Hochul te deklare**. "N ap investi nan inisyativ estratejik atravè eta a pou amelyore kalite lavi, ankouraje kwasans ekonomik, ak revitalize kominote nou yo. Sa ki pi enpòtan, nan fè avanse altènativ mobilite yo, prim sa yo pral bay nouvo opòtinite epi retire obstak pou moun ki nan Kominote Jistis Anviwònmantal yo ki tradisyonèlman pa te gen ase aksè nan transpò adekwa".

"New York pran angajman pou fè avanse pwojè tankou sila a ki pral non sèlman ede bese emisyon yo lè li sèvi avèk altènativ transpò, men tou ki pral diminye anbouteyaj sikilasyon epi ede amelyore koneksyon, kalite lè a ak aksè pou fanmi ki prensipalman gen revni ba ak modere yo". **Gouvènè Adjwen Antonio Delgado te deklare**. "Finansman sa a se yon viktwa pou tout rejyon atravè Eta New York, epi li se yon lòt

egzanp angajman nou pou fè investisman entelijan jodi a ki pral benefisye Nouyòkè yo pou jenerasyon alavni yo".

Finansman an, ki founi jiska 80 pousan depans chak pwojè, ap disponib atravè Admistrasyon Otowout Federal la epi se Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta New York la k ap jere l. Pwojè yo te seleksyone atravè yon pwosesis demann konpetitif ki te egzijè benefisyè yo pou yo demontre kijan aktivite yo pwopoze yo ta ka kontribiye pou ogmante itilizasyon altènatif transpò ki pa veyikil yo, diminye emisyon veyikil yo ak/oswa diminye anbouteyaj sikilasyon yo. Konbine avèk kontribisyon esponsò pwojè a, prim sa yo pral ogmante prèske 550 milyon dola nan investisman kominotè adisyonèl yo.

**Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare,** "Gouvènè Kathy Hochul kanpe djanm nan angajman li pou amelyore lavi tout Nouyòkè yo, avèk investisman sible nan chak rejyon nan eta a pou ankouraje tout mwayen transpò posib. Avèk yon gwo konsantrasyon sou twotwa, opòtinite lwazi, ak aksè pou pyeton ak bisiklèt, pwojè sa yo sipòte demann piblik ki ogmante a nan anviwònman apre COVID-19 la pou plis kominote ki mache ak pedale. Investisman tankou sa yo pral ouvri wout la nan direksyon yon avni ki aliyen ak vizyon Gouvènè a, kote kominote nou yo plis konekte, rezo transpò nou yo pi aksesib pou tout moun, epi anprent kabòn nou an pi piti".

**Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA te deklare,** "Nan travay nou pou atenn objektif Lwa sou Klima New York la, li obligatwa pou nou kapab asire rezidan yo, espesyalman moun ki nan zòn defavorize yo, gen opsyon pou yo mache, monte bisiklèt oswa itilize lòt mwayen transpò ki san emisyon pou ale travay ak jwenn aksè san danje nan ekipman ak resous kominotè yo. Konstwi ak amelyore itilizasyon pataje ak chemen bisiklèt yo ede diminye emisyon danjere nan kominote yo atravè eta a epi ankouraje yon bon kalite lavi pou tout Nouyòkè yo gras ak lè ki pi fre, ak anviwònman ki pi pwòp ak pi vèt".

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal la, Basil Seggos, te deklare,** "Mwen bat bravo pou angajman inebranlab Gouvènè Kathy Hochul pou konstwi kominote ki pi djanm, pi rezistan ak pi dirab. Investisman enpòtan sa a, ki afekte 75 kominote yo, se yon lòt etap estratejik nan pwosesis sa a ki sipòte mwayen transpò ki pi adapte pou anviwònman an ki fè plis moun mache ak monte bisiklèt deyò pou redui anprent kabòn nou yo. Anplis de sa, fon sa yo dirèkteman amelyore kalite lavi moun k ap viv nan kominote defavorize yo ki souvan bliye lè sa gen pou wè ak transpò kominotè ak revitalizasyon.

**Senatè Chuck Schumer te deklare,** "Prepare New York paske gras ak dola federal mwen te delivre atravè Lwa sou Enfrastrikti Bipatit la, nou pral gen yon ekspansyon bisiklèt! Finansman sa a vle di pi bon pis pou bisiklèt nan Syracuse, plis santye nan ravin Ithaca, pi bon fasilite pou mache nan vil atravè Finger Lakes yo, ak anpil lòt bagay ankò. Mwen fyè dèske m te prepare fason pou gwo investisman sa yo nan wout vèt yo

ak transpò elaji pou kenbe Nò Eta New York ap mache nan yon avni ki pi pwòp, ki pi an sante, epi ki pi aksesib".

**Reprezantan Brian Higgins te deklare,** "Pwojè tankou sa ki sou Niagara Falls Boulevard nan Amherst pral amelyore sekirite, investisman nan Tonawandas yo pral kontinye konstriksyon ak koneksyon santye lwazi yo, epi finansman pou otobis elektrik yo pral sipòte katye ki pi pwòp ak pi sen. An jeneral, investisman prèske 39 milyon dola sa a nan Lwès New York ede konstwi kominote ki pi solid epi amelyore kalite lavi rezidan yo".

**Reprezantan Paul Tonko te deklare,** "Investisman nan enfrastrikti pou pyeton ak bisiklèt yo enpòtan anpil pou konekte moun ak travay, lekòl, ak kominote yo an jeneral. Amelyorasyon nan transpò sa yo nan Rejyon Kapital la pral ede nou atenn objektif klimatik enpòtan yo epi ba nou opòtinite pou fè rejyon nou an vin pi sen, pi an sekirite, ak pi rezistan. Mwen rekonesan pou travay Gouvènè a k ap sipòte gwo amelyorasyon nan transpò. Mwen pral kontinye mennen envestisman federal yo ki devlope ekonomi pwòp nou an epi fè avanse yon pi bon avni pou nou tout".

**Reprezantan Kathleen Rice te deklare,** "Mwen kontan dèske kominote yo nan distri nou an te jwenn finansman sa a pou amelyore transpò. Finansman pwojè sa yo pral non sèlman amelyore sekirite lari yo ak lavi vwayajè yo, men tou pral ede diminye anprent kabòn global nan Long Island. Mèsi Gouvènè Hochul paske li fè Long Island tounen yon kote pou w viv ki pi fasil pou mache epi aksesib".

**Reprezantan Joe Morelle te deklare,** "Pandan n ap travay pou ranfòse enfrastrikti lokal nou an, li enpòtan pou nou bay priyorite ak pwojè yo ki sipòte opsyon transpò milti-modal yo. Investisman sa yo pral ede akomode bezwen vwayajè yo pandan y ap prezève anviwònman nou an. Mwen fyè dèske mwen te ede sekirize finansman sa a epi mwen pral kontinye defann estrateji pou kreye kominote ki pi an sekirite epi ki pi dirab pou anviwònman an".

**Reprezantan Jamaal Bowman te deklare,** "Mwen fyè pou m rejwenn Gouvènè Hochul jodi a pou m anonse fon sa yo pou amelyorasyon enpòtan nan transpò nan pak ak espas piblik nou yo. Nan 16yèm Distri Kongrè New York, Vil New York, Hastings nan Hudson ak Vilaj Mamaroneck pral benefisye amelyorasyon sa yo pou rann espas piblik yo pi aksesib pandan y ap soulaje anbouteyaj sikilasyon an. Mwen espere wè pwojè sa yo sou pye epi sipòte plis efò transpò ki pral benefisye kominote nou yo tou".

**Senatè Tim Kennedy, Prezidan Komite Transpò Sena a, te deklare,** "Pandan n ap kontinye amelyore enfrastrikti New York la, li enpòtan pou nou fè investisman estratejik nan konsèp lari konplè ki bay tout itilizatè wout yo priyorite epi asire sekirite ak aksebilite. Finansman devwe sa a pral kontinye fè avanse transpò pwogresif ak pwogram anviwòmantal New York yo, epi finalman ankouraje kominote ki dirab ak inovatè yo".

**Manm Asanble William B. Magnarelli, Prezidan, Komite Transpò Asanble Eta a, te deklare,** "Envesti nan santye pou mache, monte bisiklèt ak fè randone ranfòse angajman Eta New York anvè kominote nou yo. New York kontinye dirije nasyon an nan ofri aksè a altènativ transpò sa yo, ki ankouraje fè egzèsis ak opsyon ki adapte pou anviwònman an".

### **Konsènan Lwa Klimatik Nasyonal Eta New York**

An jiyè 2019, New York te adopte Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Lwa sou Klima), ki reprezante lwa ki pi anbisyè ak konplè sou klima ak enèji pwòp nan peyi a. Objektif prensipal sou klima ak enèji Lwa sou Klima a, te ouvri wout pou yon bann seri mezi ki vize redui anprent kabòn nou an epi amelyore rezistans kominote yo atravè New York. Li pral bay rezidan yo ak kominote yo opòtinite pou yo fè patenarya avèk biznis, lekòl, ak gouvènman an pou kreye yon ekonomi vèt ak bati yon avni ki pi dirab.

Gen yon lis pwojè konplè ki repati selon rejyon yo ki disponib isit la.

### **Rejyon Kapital - 27.2 milyon dola**

- 1,569,539 dola pou Vil Bethlehem pou konstwi yon santye pou plizyè itilizasyon ki asfalte sou Ekstansyon Cherry Avenue an.
- 1,781,000 dola pou Vil Clifton Park pou amelyore enstalasyon pyeton ak bisiklèt nan Main Street.
- 4,565,356 dola bay Vil Cohoes pou konstwi prèske twa mil twotwa, pis bisiklèt ak lòt amelyorasyon pou fasilite yon anviwònman ki adapte pou pyeton ki gen ladan wout ki an sekirite pou ale lekòl.
- 1,496,560 dola pou Vil Glenville pou konstwi twotwa sou Wout Pon Freemans lan.
- 910,466 dola pou Vil Guilderland pou konstwi twotwa pou amelyore sekirite pyeton yo sou East Old State Road.
- 1,864,348 dola pou Vilaj Kinderhook pou konstwi amelyorasyon pou pyeton ak bisiklèt sou Albany Avenue.
- 2,456,764 dola pou Vilaj Nassau pou konstwi entèseksyon ak amelyorasyon pou pyeton nan tout Vilaj la.
- 713,526 dola pou vil Sand Lake pou konstwi twotwa sou Reichard's Lake Road pou konekte Twotwa Sand Lake Beach la.
- 1,497,984 dola pou Konte Saratoga pou konstwi yon koneksyon an Santye Zim Smith - Ekstansyon Santye nan Nò a soti nan Vil Ballston rive nan Vil Milton.
- 1,014,400 dola pou Vilaj Voorheesville pou konstwi ak ranplase twotwa, bòdi ak pasaj pou pyeton yo.
- 4,896,000 dola pou Otorite Transpò Distri Kapital la pou elaji sèvis otobis nan Koridò Lwès Washington lan.
- 2,078,926 dola pou Vil Schenectady pou pote amelyorasyon nan Pon Pyeton Craig Street la.

- 2,362,592 dola pou Vil Wilton pou pote amelyorasyon nan sekirite sikilasyon ak koneksyon pyeton.

### **New York Santral - 14.1 milyon dola**

- 1,246,560 dola pou Vilaj North Syracuse pou konstwi twotwa ak pasaj pou pyeton atravè Vilaj la.
- 2,096,000 dola pou Vilaj Solvary pou pote amelyorasyon pou pyeton nan Cogswell Avenue.
- 1,537,828 dola pou Vil Syracuse pou ranplase Pon Pyeton Kirk Park sou Onondaga Creek epi kreye yon konektè ak Creekwalk.
- 3,574,400 dola pou Vil Syracuse pou pote amelyorasyon pou pyeton ak bisiklèt pou Lwès Erie Boulevard.
- 717,630 dola pou Vil Lenox pou konstwi yon santye ki konekte Lenox nan Santye Fewovye Canastota Wampsville.
- 500,000 dola pou Vilaj Phoenix pou rekonstwi twotwa ak enstale pasaj pou pyeton ki konfòm a lwa ADA a pou konekte Distri Lekòl Santral Phoenix la ak Distri Rivaj Kanal Vilaj la.
- 4,426,450 dola pou Vi Onondaga pou konstwi amelyorasyon pou pyeton ak sekirite sou Teall Avenue.

### **Finger Lakes: 23.7 milyon dola**

- 944,934 dola pou Vil Batavia pou konstwi moderasyon pou sikilasyon, pis bisiklèt, ak twotwa sou Bank ak Alva Street.
- 1,207,336 dola pou Vilaj Brockport pou konstwi twotwa, santye pou pyeton, pasaj pou pyeton ak lòt amelyorasyon sekirite pou pyeton ak bisiklèt nan Pon Smith Street la.
- 4,004,800 dola pou Vilaj Fairport pou konstwi twotwa ak amelyorasyon pou bisiklèt ak pyeton nan Main Street.
- 1,771,200 dola pou Vil Farmington pou konstwi twotwa ak koneksyon fewovye atravè Zòn Sant Kominotè Vil la.
- 1,657,600 dola pou Konte Ontario pou konstwi twotwa, yon pon pou pyeton ak yon pis pou pyeton ak bisiklèt sou Route 364 soti nan Lakeshore Drive rive nan Marvin Sands Drive.
- 583,384 dola pou Vil Perinton pou konstwi yon santye ki soti nan Pak Spring Lake rive nan Pak Channing Philbrick.
- 540,000 dola pou Vil Pittsford pou pote amelyorasyon nan yon twotwa ak pasaj pou pyeton nan vwazinaj Pak Thornell Farm ak Pittsford Mendon High School.
- 576,400 dola pou Otorite Rejyonal Rochester-Genesee pou enstale nouvo abri otobis ak syèj nan Konte Monroe ak Orleans.
- 1,828,147 dola pou Vil Seneca Falls pou konstwi nouvo twotwa, amelyore pasaj pou pyeton ak pano siyalizasyon nan vwazinaj Mynderse Academy High School pou Wout ki Sekirite pou ale lekòl.

- 1,518,053 dola pou Vilaj East Rochester pou konstwi twotwa, bòdi ak pasaj pou pyeton nan zòn East Rochester K-8 ak Lekòl Segondè.
- 1,094,196 dola pou Vilaj Medina pou konstwi yon pis miltifonksyon pou pyeton ak siklis yo sou Koridò Maple Ridge Road la.
- 5,000,000 dola pou Otorite Rejyonal Rochester-Genesee pou achte otobis a pil a konbistib idwojèn ak sistèm ravitayman pou sèvis Lwès New York.
- 3,000,000 pou Vil Rochester pou transfòme yon pon fewovye abandone sou Rivyè Greene pou tounen yon santye miltifonksyon pou pyeton ak siklis yo.

### **Long Island - 6.8 milyon dola**

- 5,000,000 dola pou Konte Nassau pou konstwi twotwa ak pote amelyorasyon nan moderasyon sikilasyon nan koridò Lido Boulevard.
- 1,774,714 dola pou Vilaj Valley Stream pou konstwi yon nouvo santye miltifonksyon pou konekte santye ki egziste yo ak Wout Fewovye Long Island nan.

### **Mid-Hudson - 38.8 milyon dola**

- 3,045,266 pou Vilaj Briarcliff Manor pou konstwi twotwa, mezi moderasyon sikilasyon ak pasaj pou pyeton sou Pleasantville Road, North State Road ak Delton Lane.
- 3,617,424 dola pou Vil Cortlandt pou konstwi twotwa, vwa pou bisiklèt ak amelyorasyon nan peyizaj sou Westbrook Drive.
- 2,781,317 dola pou Vil Crawford pou konstwi twotwa, bòdi, ranp ak pasaj pou pyeton nan North Street.
- 5000000 dola pou Vil Greenburgh pou konstwi twotwa ak pote amelyorasyon nan pasaj pou pyeton ak amelyorasyon nan Koridò East-West Hartsdale Avenue.
- 785,395 dola pou Vilaj Hastings nan Hudson pou konstwi twotwa, bòdi ak yon pasaj pou pyeton bò kote Broadway (Route 9).
- 1,085,800 dola pou Vil Hyde Park pou konstwi nouvo twotwa ak ekleraj pou pyeton nan Lari Prensipal Istorik.
- 3,999,420 dola pou Vilaj Mamaroneck pou konstwi twotwa, bòdi, mezi moderasyon sikilasyon ak pasaj pou pyeton sou Haslthead Avenue.
- 958,272 dola pou Vil New Rochelle pou konstwi ranp twotwa ki konfòm a lwa ADA, siyalizasyon pou pyeton ak bouton pou peze yo nan plizyè kote.
- 3,960,000 dola pou Konte Ulster pou transfòme chemen de fè Ulster ak Delaware 4 kilomèt la pou tounen yon santye miltifonksyon ak pon pou pyeton soti Highmount rive Belleayre Beach DUA nan Vil Shandaken.
- 1,797,112 dola pou Vilaj Wesley Hills pou twotwa ki konfòm a lwa ADA sou Willow Tree Road.
- 5,000,000 dola pou Vilaj East Fishkill pou konstwi wonpwen ki nan Route 82/Route 376.

- 5,000,000 dola pou Rejyon Mid-Hudson pou konstwi yon wonpwen nan Raymond Avenue, New Hackensack Road ak Hooker Avenue nan Vil Poughkeepsie.
- 1,793,520 dola pou Vil East Fishkill pou amelyorasyon nan entèseksyon ak wout pyeton sou Route 52 nan vwazinaj John Jay High School.

### **Mohawk Valley - 8.6 milyon dola**

- 5,000,000 dola pou Vil Oneonta pou konstwi twotwa ak akotman pou pyeton ak bisiklèt yo sou Route 23 ak 28.
- 3,576,000 dola pou Vil Rome pou elaji nò Santye Mohawk Valley soti nan Wright-Settlement Road rive nan Golf Course Road.

### **Vil New York - 7.7 milyon dola**

- 2,763,904 dola pou Vil New York pou konstwi yon santye ki gen ale retou, separe selon nivo epi ki vèt nan Flatlands Ave.
- 5,000,000 dola pou Vil New York pou pote amelyorasyon nan wout pou pyeton ak bisiklèt yo nan Delancey Street.

### **North Country - 5.1 milyon dola**

- 2,348,320 dola pou Vil Clinton pou konstwi twotwa, bòdi, ranp ki konfòm a lwa ADA ak amelyorasyon nan vwa pou bisiklèt yo nan Korid Military Turnpike nan Vil Plattsburgh.
- 1,084,000 dola pou Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal Eta New York (NYSDEC) pou konstwi yon pon pou pyeton ki gen plizyè itilizasyon nan Antre Sid la paralèl ak Route 28.
- 1,663,764 dola pou Vil Watertown pou konstwi twotwa ak santye miltifonksyon pou seksyon lwès Santye Black River a.

### **Southern Tier - 8.0 milyon dola**

- 2,200,000 dola pou Vil Ithaca pou konstwi yon santye miltifonksyon nan Santye Black Diamond rive nan Santye Gateway.
- 571,263 dola pou Vilaj Montour Falls pou pote amelyorasyon nan dlo lapli lari yo nan Owego Street.
- 671,954 dola pou Vilaj Painted Post pou konstwi twotwa, yon pasaj pou pyeton ak lòt amelyorasyon pou sekirite pyeton nan Santye Vilaj Walking nan.
- 2,344,703 dola pou Vil Vestal pou konstwi yon santye miltifonksyon sou Vestal Road la.
- 2,191,838 dola pou Vilaj Cayuga pou konstwi twotwa sou Cayuga Heights Road.

## Lwès New York - 38.8 milyon dola

- 1,490,400 dola pou Vil Amherst pou konstwi twotwa ak pote amelyorasyon nan vwa pou bisiklèt nan Carey Road soti nan Pak Paradise rive nan Transit Road.
- 2,985,600 dola pou Vil Buffalo pou reyabilitasyon nan Santye Scajaquada soti nan Lari Prensipal (Main Street) la rive nan Fillmore Avenue.
- 791,680 dola pou Vil Buffalo pou kontinyasyon santye miltifonksyon Forest Avenue.
- 2,354,887 dola pou Vil Evans pou konstriksyon yon segman Santye Rivaj la sou Wout Bò Lak (Lake Shore Road) la.
- 3,861,362 dola pou Otorite Transpò Fwontyè Niagara a (Niagara Frontier Transportation Authority) pou konstwi tant pou arè otobis yo ak amelyorasyon nan enfrastrikti pou pyeton/bisiklèt nan North Division Street nan Vil Buffalo.
- 1,396,807 dola pou Vil Olean pou konstwi yon santye itilizasyon pataje sou Olean Wayne Street.
- 1,600,000 dola pou Vil Orchard pou konstwi twotwa ak pasaj pou pyeton pou amelyore sekirite wout pou lekòl yo.
- 5,000,000 dola pou Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik Eta New York pou konstwi kat pon pou pyeton nan Pak Eta Genesee Valley Greenway nan Konte Allegany.
- 1,696,000 dola pou Vil Tonawanda pou konstwi yon esè pou pyeton ki gen plizyè itilizasyon ki konekte River Road nan Two Mile Creek Road.
- 5,000,000 dola pou Otorite Transpò Fwontyè Niagara a pou achte otobis elektrik a batri (Battery Electric Buses, BEB) pou sèvi popilasyon yo atravè Lwès New York.
- 1,050,000 dola pou Vil North Tonawanda pou konstwi yon ekstansyon nan Santye Bisiklèt Kanal Erie a ant Pak Majistra ak Jaden Botanik North Tonawanda yo.
- 3,448,028 dola pou Vil Clarence pou konstwi twotwa ak pote amelyorasyon nan wout pou pyeton soti Main Street rive nan Transit Road.
- 802,707 dola pou Vilaj Williamsville pou konstwi twotwa ak ranp aksè nan Main Street.
- 5,000,000 dola pou Rejyon Lwès New York pou konstwi yon echanjè an dyaman divèjan nan I-190 ak entèseksyon Niagara Falls Boulevard.
- 2,368,000 dola pou Rejyon Lwès New York pou konstwi yon nouvo vwa transpò, apwòch, limyè sikilasyon ak pasaj pou pyeton nan Route 33-Genesee Street nan entèseksyon Harris Hill nan vil Lancaster, Konte Erie.

###



ANILE ENSKRIPSYON OU